# «Sulayman Baqırǵanıy»ǵa alıp barıwshı jolda qanday jumıslar bolıp atır?

Respublikamız aymaǵındaǵı mádeniy miyras hám turizm obektlerine alıp barıwshı ulıwma paydalanıwdaǵı avtomobil jollarında ońlaw jumısların júrgiziw boyınsha  tiyisli jumıslar ámelge asırıp atır.

Image not found or type unknown

Moynaq rayonı aymaǵındaǵı Sulayman Baqırǵanıy maqbarasına alıp barıwshı 4 N-1 avtomobil jolında kúndelikli ońlaw jumısların alıp barıw, avtomobil jolında jaylasqan 2 kópirde kúndelikli ońlaw jumısları sheńberinde kópir ústingi qaplamaların jańasına almastırıw, piyadalar jolı blokların ornatıw, kópir ústin asfaltlaw sıyaqlı bir qatar jumıslar, sonday-aq, maqbaraǵa alıp barıwshı jol boyınsha tiyisli jol belgilerin ornatıw, signal tayanıshları (signalnıe tumbı) hám qáwipsizlik tosıqların (BDO) jańasına almastırıw boyınsha jumıslar Moynaq RJPUK jumısshıları tárepinen álleqashan-aq baslap jiberilgen.

Sh.Mirziyaev kelesi jılı Sulayman Baqırǵaniydıń 900 jıllıq yubileyi belgileniwi haqqında aytıp ótken edi.

**Qaraqalpaqstan Respublikası Avtomobil jolları bas basqarması**